

## VYOLANS NAN KAY

### Lalwa

Lalwaba ou pwoteksyon siou viktim abi oswa menas yon mennaj, mari/madanm, ansyen mari/madanm, moun ou fè pitit avèk li, oswa yon lòt fanmi oswa yon moun lakay ou k ap viv oswa ki T AP viv nan menm kay avèk ou kòm yon fanmi. Ou pa bezwen marye avèk delenkan an oswa avèk moun ou gen relasyon avèk li a pou jwenn pwoteksyon anba lalwa.

### Dwa Ou Yo

Ou gen dwa pou fè yon plent kriminel, pou ale nan tribinal, epi pou fè yon pètasyon pou mande yon rekòmandasyon pou jwenn pwoteksyon kont vyolans nan kay, ki ka gen ladjan, men pa sèlman, dispozisyon ki:

- Egzije delenkan an pou pa fè okenn lòt zak abi
- Egzije delenkan an pou kite kay ou
- Anpeche delenkan an antre lakay ou, nan lekòl kote ou ye, nan biznis ou, oswa kote w ap travay
- Akòde ou dwa pou gade timoun minè yo

### Siyale Ka ki Endike Danje

- Atitud Li Posede Ou - "Si mwen pa kapab genyen ou, okenn lòt moun p ap genyen ou"
- Lide fiks avèk ak/oswa dominasyon sou ou
- Entèvansyon ki Repete - Istwa vyolans nan kay ki te fèt deja
- Ogmantasyon risk pou pran - Fè aksyon san konsidere konsekans yo
- Menas pou Touye ou/pou Touye tèt li
- Li gen zam pou tire epi li itilize zam nan avèk menas
- Abi Dwòg ak Alkòl
- Istwa vyolans nan kay fanmi an



## NIMEWO TELEFÒN ENPÒTAN

### Biwo Cherif Konte Palm Beach

Sèjan.....	561.688.4162
Enspektè Lapolis.....	561.688.3975
..... (Glades)	561.992.1015
Defans Viktim.....	561.688.4195
..... (Panyòl)	561.688.3972
..... (Glades)	561.992.1016

### Inite pou Afè Vyolans nan Kay

pou Pwokirè Eta a ..... 561.355.7433

### Sèvis pou Viktim Konte Palm Beach

Nò.....	561.624.6648
Santral.....	561.355.2418
Sid.....	561.274.1500
Lwès.....	561.996.4871
Grefye Tribinal Konte Palm Beach	
Lòd Restriksyon.....	561.355.2277

### Legal Aid Society of Palm Beach County

Santral.....	561.655.8944 ext. 238
Sid/Lwès.....	1.800.403.9353

### Coalition for Independent Living Options

Viktim ki Andikape - C.I.L.O..... 561.966.4288

### Abri

YWCA Harmony House.....	561.640.9844
Aids to Victims of	
Domestic Abuse A.V.D.A.....	1.800.355.8547

### Victim Information and

Notification Everyday - V.I.N.E..... 1.877.846.343



Enfòmasyon sa yo ou jwenn nan sòti nan  
**BIWO CHERIF KONTE PALM BEACH**  
**RIC L. BRADSHAW, CHERIF**  
**561.688.3000 • www.pbso.org**  
**Ijans 911**

Depatman ki Okipe  
Zafè Vyolans Nan Kay

**BIWO CHERIF KONTE PALM BEACH**  
**RIC L. BRADSHAW, CHERIF**

*“Li difisil pou chèche limyè lè  
ou deja pèdi nan fènwa.”*

## INITE KI OKIPE AFÈ VYOLANS NAN KAY

Yo te kreye Inite ki Okipe Afè Vyolans nan Kay nan ane 1998, epitou Inite sa a se yon pati Biwo Cherif Konte Palm Beach, Divizyon Ankèt Espesyal. Inite a anba sipèvizyon yon Sèjan, epi li gen ladan Enspektè Lapolis, Defans Viktim ak Konseye Volontè. Inite ki Okipe Afè Vyolans nan Kay kontwole pwogram D.A.R.T. (Ekip Repons pou Abi nan Kay) ak sitwèb Vyolans nan Kay ki pèmèt yo jwenn imedyatman enfòmasyon enpòtan sou dosye yo pou ajoute foto nan plizyè etap pwosesis Jistis Kriminèl la. Moun ki nan Inite ki Okipe Afè Vyolans nan Kay patisipe nan plizyè òganizasyon kominotè, tankou Konsèy sou Vyolans nan Kay, Kowalisyon kont Trafik Moun, Kowalisyon pou Dwa Viktim ak Ekip Evalyasyon Ka Lanmò nan Konte Palm Beach.



## ENSPEKTÈ LAPOLIS POU VYOLANS NAN KAY

*Enspektè Lapolis ki afekte nan Inite pou Afè Vyolans nan Kay se anketè ki gen anpil motivasyon ak ladrès ki fè yon kantite travay chak jou, tankou, men pa sèlman, sa ki anba la a:*

- Fè fòmasyon nan departman an tankou, fòmasyon pou D.A.R.T, fòmasyon obligatwa pou Departman Lapolis Eta Florid ak oryantasyon nouvo anplwaye yo.
- Evalye tout rapò sou zak Vyolans nan Kay pou asire yo satisfè tout egzijans pou ankèt ak egzijans legal yo.
- Travay nan tèt ansanm avèk Defans Viktim yo ak Konseye Volontè yo pou asire viktim Vyolans nan Kay yo resevwa pi bon sèvis posib yo.
- Bay èd pou cherif adjwen k ap fè Patwouy nan Lari pandan y ap mennen ankèt sou Vyolans nan Kay, lè yo bay yo konsèy.

**LIY DIRÈK ETA FLORID POU VYOLANS NAN KAY**  
**1.800.500.1119**



## PWOGRAM D.A.R.T.

Moun ki nan Ekip Repons pou Vyolans nan Kay se Cherif-Adjwen ki gen fòmasyon espesyal epi ki resevwa fòmasyon avanse nan idantifikasyon ak ankèt sou ensidan Vyolans nan Kay. Moun ki nan D.A.R.T. yo resevwa lòt ekipman pou ede nan rasanble prèv enpòtan, tankou aparèy pou a anrejistre ak kamera dijital.

## DEFANS VIKTIM VYOLANS NAN KAY

*Objektif prensipal Defans Viktim PBSO se pou redui chòk segondè oswa twomatis ki asosye avèk konsekans krim yo. Pou fè sa, yo bay konsèy, enfòmasyon ak èd, ak rekòmandasyon nan ajans apwopriye pou yo ka jwenn lòt sèvis.*

*Responsablite yo gen ladan, men pa sèlman:*

- Planifikasyon Sekirite.
- Ofri konsèy ak sipò toupatou nan Pwosesis Jistis Kriminèl la.
- Yo akonpaye viktim yo nan tribinal, epitou yo ede viktim yo ranpli yon Rekòmandasyon pou Pwoteksyon.
- Yo fè yon koneksyon ant lapolis ak plizyè ajans ki konsène nan pwosè kriminèl la.
- Bay edikasyon ak sansibilizasyon sou mouvman ki genyen nan vyolans nan kay ak konsekans li sou viktim/fanmi yo.



*“Sa se pa lanmou. Se yon krim. Ou pa kapab fè tankou ou pa wè paske ou pa t fè eksperyans vyolans nan kay pèsònèlman.” — Salma Hayek*